



**Kwake li pa klè si debakman sa yo ap fèt ni kilè, li enpòtan pou sonje tout moun gen dwa nan Etazini kèlkeswa kondisyon imigrasyon yo e yo kapab reklame dwa yo. Si w kwè ou kapab pami moun ICE ka chèche arete ak fèmèn, nou mande-w pa panike men pou byen prepare.**

*Si ICE debake kenbe nan tèt ou pwen sila yo:*

- **Si w te kwaze ak Immigration and Customs Enforcement (ICE) ou byen ou gen yon ka devan U.S. Citizenship and Immigration Service (USCIS) deja e ou pa si si-w gen lòd pou ale, rele Immigration Court Hotline nan 1-800-898-7180 pou konnen. Asire ou gen nimewo-w ki konmanse pa A nan men-w. Se yon sistèm repons nan machin ki fè ou pa bezwen pale ak yon moun.**
- **Kreye yon Plan Sekirite plis Idantifye Kontak Ijans:** Prepare yon dosye pou kenbe tout bagay enpòtan tankou Ak nesans ti-moun ki fèt lòt kote ak nan Etazini, sètifika maryaj, enfòmasyon sou lekòl ti-moun yo, dosye doktè ak famasi pou tèt pa-w ak chak depandan-w, kopi anyen otorizasyon travay USCIS te ba-w, kopi aplikasyon ou te fè nan Imigrasyon ak nenpòt papye tribunal, USCIS ou byen Dept. Homeland Security (DHS) te ba-w. Mete tou lis kontak ijans an ka yo ta pran-w. Mete enfòmasyon sou avoka ki travay pou ou kounye-a ou byen anvan. Si-w kapab, sonje kontak ijans ak nimewo telefòn avoka. Pataje dokiman ak enfòmasyon kontak ak yon zanmi ou fanmi ou ka fè konfyans.
- **Se pou pare:** Si w te antre nan Etazini san bon dokiman epi w rezide pou plis pase 2 zan, mete dokiman ki pwouve ou te viv nan Etazini 2 ane ki fèk pase yo nan dosye-w : Dokiman medical pou-w ak pitit ou, rapò bank, resi, bòdro itilite(enkliyan men pa limite a telefòn, elektrisite, entènèt, TV), kontra lokasyon apatman, enfòmasyon asirans medical, resi transfè lajan (egzanp Sigue ou Western Union), nenpòt korespondans sou non-w ou resevwa pandan ou nan Etazini, foto-w ak so dat e lè ou te pran nan Etazini devan kote selèb (egzanp, Estati Libète, Mezon Blanch, Brooklyn Bridge, ets.) ak nenpòt dokiman ak dat klè ki gen non-w ou adrès nan Etazini. Tanpri sonje Tout dokiman sa yo bezwen gen non-w ak dat byen klè. Pataje dokiman sa yo ak enfòmasyon kontak ak yon zanmi konfyans ou fanmi.
- Bay lekòl ou byen daycare pitit ou non ak nimewo kontak ijans ou plis otorizasyon pou kontak ijans vin chèche pitit ou.
- **Pa pale:** Tout moun nan Etazini gen dwa sa kit ou gen papye, kit ou pa genyen, Ou pa oblije reponn okenn kesyon ou byen montre dokiman pou ofisye imigrasyon.
- **Pa louvri Pòt:** ICE pa ka vini anndan lakay ou san yon manda yon jij federal ta siyen. Mande pou yo glise manda jij la anba pòt la. Nenpòt papye Dept. Homeland Security (DHS) oubyen Immigration and Customs Enforcement (ICE) pa otorize ICE antre andedan kay ou.
- **Pa Siyen Anyen:** Oka ICE ta arete-w e kenbe-w, pa siyen anyen ofisye ICE ba-w anvan avoka-w verifye-l.
- **Anrejistre ak Fè Rapò:** Si w temwen yon debakman, pran nòt sa ki pase pandan ensidan. Si posib fè sa ak yon ti distans pwoteksyon san ou pa entèfere nan aksyon an. Pran nòt kote yo fè arestasyon an, lè-a, konbyen ofisye, konbyen moun yo arete, si timoun te prezan.

Si w se temwen debakman, tanpri bay rapò-w a NYC Mayor's Office of Immigrant Affairs (MOIA) nan [reportraids@moia.nyc.gov](mailto:reportraids@moia.nyc.gov).

Pou asistans ijans imedyat, tanpri kontakte New Sanctuary Coalition Rapid Response Lines nan (903) 884-HELP (4357) ak (908) 791-5309.

Pou èd pou jwenn reprezantasyon legal nan Eta New York:

- Office of New Americans hotline nan 1-800-566-7636
- Action NYC nan 1-800-354-0365

Catholic Migration Services se yon ajans afilye a Catholic Charities

**Adrès Catholic Migration Services se:**

**Brooklyn Office**  
191 Joralemon St., 4th Fl.  
Brooklyn, NY 11201  
(718) 236-3000

**Queens Office**  
47-01 Queens Blvd., Ste. 203  
Sunnyside, NY 11104  
(347) 472-3500

**Pou plis enfòmasyon vizite sit nou nan**  
[www.catholicmigration.org](http://www.catholicmigration.org)